

**ЦИ ДÆ ХОНУНЦÆ, Е НЕЦИ ÆЙ, СÆЙРАГДÆР ÆЙ, ÆЦÆГÆЙ ЦИ ДÆ, Е!..**

***Александр ГОРЧАКОВ (1798-1883), Уæрæсей 1856-1882 æнзти фæсарæйнаг гъуддæгути министр: «Нæ бæсти æма Европи нури уавæрти Уæрæсе гъæуама æ них исараза медрайрæстмæ, адæми уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ, æма гъæуама æндагон политикæ дæр коса еци ахсгиаг гъуддаген...» Нæ нури уавæртæмæ гæсгæ дессаги зундгин фæдзæхст!..***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№32 (903) 2023 анзи 26 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман




# ЕЦИ ÆВЕРХЪАУ ТОХИ БÆНТТИ НАМУС НИН ÆНОСТОМÆ ЦИТТИЙНАГ ÆЙ!..

Курски облæсти гъæу Понырий æрæги игонгонд æрцудæй мемориалон комплекс «Курски тугъд». Аци цау цæйбæрцæбæл ахсгиаг иссæй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма æ игон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали архайдта Уæрæсей Президент Владимир Путин. Æма уоми радзубанди кæнгæй, загъта:

– Гитлер замышлял взять здесь реванш за Сталинград, надеялся на силу своих танковых дивизий, на эсэсовские соединения – на то, что они прорвут фронт и вновь покатятся лавиной на Восток. Но их встретила железная стойкость, доблесть наших солдат и командиров, закаленных в боях бойцов Красной Армии.

Цитгин мадзали рæстæг Владимир Путин паддзахадон хуæрзеугутæ равардта фæндзæймаг еумæйагæфсæддон æфсади 127-аг мотоæхсæг дивизий æфсæддонтæн. Уæрæсей Бæгъатæри ном аккаггонд æрцудæй лейтенант Александр Леваковæн, ефрейтортæ Филипп Евсеевæн æма Алексей Неустроевæн, уæдта хестæр лейтенант Расим Баксиковæн. Майдан «Æхсардзийнади туххæй» лæвæрд æрцудæй ефрейтор Илья Гавриловæн. Аци хабар уой æвдесæн æй, æма нæ бæсти адæмихæттити æригон фæлтæртæ дæр, нæ фидтæлти намусæй сæрустур уогæй, æнцæ æновуд Фидибæстæбæл, цæттæ 'нцæ багъæуаги æ сæрбæлтау уодуæлдайæй бахъазауат кæнунмæ.

Нæ фидтæлтæ ба Устур Фидибæстон тугъди, уой хæццæ ба Курски алфамбулай тугъдтити ци лæгдзийнадæ бавдистонцæ, е æнæгъæнæ дуйней дæр деси æфтудта. Æма уой кадæ æностæмæ цитгинæй гъæуай кæнун ба махæн æй нæ уодварни ихæстæн сæ ахсгиагдæртæй.

Курски тугъди кадæн нæуæг мемориалон комплекс игонгонд ке 'рцудæй, еци цау махæн, Иристони дзиллæн дæр хеуонæй-хеуондæр æй. Уомæн æма æверхъау карз тугъди бæгъатæрæй архайдтонцæ мингай не 'мзæнхонтæ, беретæ си уоми сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 3-аг фарсбæл.

**АХУРАДÆ**



## ХУÆРЗАХУРГОНД ФÆЛТÆРТÆ – ФИДИБÆСТИ НИФС ÆМА ТÆЛÆН

Цийфæнди ахсгиаг гъуддаги фæдбæл дæр цийфæнди медесгун дзубанди уæлдай хъæбæрдæр исфедауй зæрдрохсгæнæг хабæрттæй. Æма нæ республики ахурадон къабази косгутæн æрæги ци аллианзон еумæйаг æмбурд адтæй, уæхæн æхцæуæн хабæрттæ игъустгонд æрцудæнцæ. Зæгъæн, Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æ радзубандий куд байамудта, уотемæй æригон ахургæнгутæн аци анзи фиццаг сентябрæй фæстæмæ сæ миздæй уæлдай ма фист цæудзæнæй уæлæнхасæн феддон – сæ кусти фиццаг анзи сæ миздæн æ 70 процентти, дуккаг анзи ба – 50 процентти.

Иннæ хабар ба е æй, æма ахуради косгути мизд фæффулдæр кæнунæн зингæ агъазгæнæг фæрæзнæ исуодзæнæнцæ Цæгат Иристони Хецауади гранттæ дæр. Ирæзгæ фæлтæри ахурадæмæ ахедгæ байвæрæн бахæссæг еумæйагахурадон кустуæттæн сæ бон уодзæнæй гранттæ райсунбæл байархайун. Аци анз сæ хецæуттæ исуодзæнæнцæ хуæздæр сахайраг 30 æма уойбæрцæ хуæздæр гъæуккаг скъолай. Фæрæзнити бæрцæ уодзæнæй 60 миллион соми, гъома, уæлахезонтæй алкедæр райсдзæнæй еу миллион соми.

Куд зонæн, уотемæй ахургæнгути миздмæ лæмбунæг æркæсуни ихæс Сергей Меняйло исæвардта 2021 анзи. Фарæ бал æнæкъулумпи фæллойнадон стажи хæццæ, фæсурокти æма зундамонæги номхæссæг ахургæнгутæн уæлæнхасæн феддон бафтудтонцæ.

Педагогти миздбæл бафтауни гъуддаг æй ахуради системæ райаразуни сæйраг рахуæцæн. Уомæй идарддæр устур æргом здæхт цæуй ахуради инфраструктури ирæзтмæ.

2


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Уæрæсейаг скъолати райдайæн æфсæддон цæттæдзийнади уроктæ ахурдзаути ахур кæндзæнæнцæ æнæпилот тæхæг аппараттæй тугъдон уагæй пайда кæнунбæл. Куд нисангонд цæуй, утемæй скъоладзаутæ гъæуама зононцæ æнæпилот тæхæг аппараттæй пайда кæнун æма сæ агъазæй бунати æсгарæн куст æнхæст кæнæн куд ес, уой.*

## ФИНАНСТÆ



Аци анзи фиццаг æмбеси банктæ Цæгат Иристони юридикон æма хецæн адæймæгутæн кредиттæ равардтонцæ 7,5 миллиард сомей бæрцæ – 46,6 процентти фулдæр, фари хæццæ рабаргæй.

Уæлдай сæрæндæрæй æфстуæттæ истонцæ гъæуунхæдзарадон, базарадон компанитæ, транспорт æма бастдзийнади къабази архайæг кустуæттæ. Кустуæтти æма хецæн адæймæгути кредитти бæрцæ 2023 анзи фиццаг æмбеси кæронмæ исирæзтæй 24,2 миллиард сомей уæнгæ. Зингæ хай – 57,4 проценти – æ исконди ахæссунцæ гъæуун хæдзаради æфстæуттæ, кæцитæ кредиттæ 5 проценти хæццæ есунцæ паддзахадон программити бундорбæл аграрон-промышленнон комплекси агъазæй.

## ÆМГУСТАДÆ



Зундгонд куд æй, утемæй нæ республики æма Запорожьей областси Чернигови районти минæвæрттæ айразмæ бафинстонцæ бадзурд гуманитарон æмгустадæ æма экономикон бастдзийнæдтæ парахатдæр кæнуни тухххæй. Æма уой фæдбæл куст æ тæмæни æй. Зæгъæн, цæгатиристойнаг аразгутæ бавналдтонцæ, Чернигови районти Ильиной гъæуи астæуккаг скъола бацалцæг кæнунмæ. Аци ахургæнæндонæ 1978 анзи арæзт æрцудæй, 1991 анзæй фæстæмæ ба ахурадон уагæдони дон нæбал адтæй, дондзæуæн хизæг лæгъуз уавæрмæ 'рцудæй. Нуртæккæ специалисттæ архайунцæ дон бауадзунбæл, æмбæрзунцæ скъолай сæр, цалцæг кæнунцæ хе æхснæн бунæттæ.

## ФÆСЕВÆДИ ХЪÆППÆРЕС



Еугуруæрæсеуон фæсевæдон форум «Машук»-и адтæй Цæгат Кавкази федералон зилди бон.

Уоми Цæгат Иристони минæвæрттæ сæхе равдистонцæ хъæбæр сæрæн æма арæхстгинæй. Форуми иуазгутæ æма архайгутæн зæрдæмæдзæугæ концерт равардтонцæ республики фæсевæдон комитети адæмон кæфтити ансамбль «Федæн», зартæгæнгутæ Бесолти Дианæ æма Хохойти Влад. Ансамбль «Алан»-и иуонгтæ ба зали ка адтæй, еци адæмæн бацæттæ кодтонцæ кафуни мастер-класс, уæдта сæрмагонд экспозици «Алайнаг тургъæ». Уоми адтæй лæмбунæгдæрæй базонгæ уæн нæ республики 'гъдæуттæ, традицитæ æма культури хæццæ.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

**Уæрæсей Хецауадæ иннæ анзи фæлладуадзæн бæнтти раргъæвди фæткæ исфедар кодта. Нæуæганзон бæрæгбæнттæ рахæсдзæнæнцæ аци анзи 30 декабрæй иннæ анзи 8 январи уæнгæ, майи бæрæгбæнттæ ба – 28 апърелæй 1 майи æма 9 майæй 12 майи уæнгæ.**

**Федæни нæуæганзон бæрæгбæнттæ рахæсдзæнæнцæ дæс боней дæргъи – аци анзи 30 декабрæй иннæ анзи 8 январи уæнгæ. 2024 анзи 23 февралæй 25 феврали уæнгæ, 8 мартъийæй 10 мартъий уæнгæ, 28 апърелæй 1 майи уæнгæ, 9 майæй 12 майи уæнгæ, 12 июнь, 3 ноябрæй 4 ноябри уæнгæ, уæдта 29 декабрæй 31 декабри уæнгæ нимад уодзæнæнцæ æнæкосгæ бæнттæбæл.**

**Иннæ анзи 6 æма 7 январь æнæкосгæ сабат æма хуцаубонмæ ке хаунцæ, уой нимайгæй, 6 январь рахæсдзæнæнцæ 10 маймæ, 7 январь ба – 31 декабрмæ. Уомæй уæлдай æнæкосгæ бæнттæ: сабат 27 апърелæй рахæсдзæнæнцæ авдисæр 29 апърелмæ, сабат 2 ноябрæй геуæргибони 30 апърелмæ, сабат 28 декабрæй ба – авдисæри 30 декабрмæ.**

* * *

Дзæуæгигъæу æма Еугонд Арабаг Эмиратти агъазиаудæр сахар Дубайи 'хсæн уæлдæфон маршрут байгон уодзæнæй 2023 анзи 1 октябри. Балцитæ æнхæстгонд цæудзæнæнцæ къуæре дууæ хатти – геуæргибон æма сабати. Уой хæццæ, нуриуæнгæ амунд маршрутмæ билеттæ рагацау балхæнæн ес авиакомпани «Победа»-йи сæрмагонд сайти.

Дзæуæгигъæуæй Дубаймæ балций тæккæ минкъийдæр аргъ уодзæнæй 16 мин сомей бæрцæ, уæлдæфон надбæл багъæудзæнæй 3,5 сахатти тæхун.

Нуртæккæ «Победа» Дубаймæ уæлдæфон балцитæ æнхæст кæнуй мæскуйаг аэропорт «Внуково»-йæй. 4 октябрæй фæстæмæ Эмиратмæ «Победа»-йи хуæдтæхгутæ рабалци кæндзæнæнцæ Махачкалайæй дæр. Уой хæццæ, 31 октябрæй фæстæмæ Иристони цæргутæй уæлдай ма, уæхæн фадуат фæззиндзæнæй волгоградæгтæн дæр.

* * *

**Медбæстон туризми къабази Цæгат Иристон иссæй тæккæ хиццагдæр рауæнтæй еу. Аци анзи фиццаг æмбеси нæмæ бæлццæнттæ æрбацудæй, фари хæццæ рабаргæй, дæс проценти фулдæр. Цæугæ ба нæмæ æрбакодтонцæ нæ бæсти 74 рауæнеми цæргутæ, сæ фулдæр Мæску æма Мæскуй облæстæй.**

## АХУРАДИ ИДАРДДÆРИ РАЙРÆЗТИ РАВГИТÆ ÆМА ГÆНÆНТÆ




# ХУÆРЗАХУРГОНД ФÆЛТÆРТÆ – ФИДИБÆСТИ НИФС ÆМА ТÆЛÆН

Республикæ архайуй скъолати бундорон цалцæги программити – фарæ къохи бафтудæй 53 скъолай исцалцæг кæнун, фæззæги ма 13 скъолай исрæвдзæ уодзæнæнцæ. Республики разамонæг куд байамудта, утемæй ма инсæй скъолай ба бахастонцæ 2024-2025 æнзти пъланмæ.

Ахуради ахсгиагдæр ихæстæй еуебæл Сергей Меняйло банимадта маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма ирæзти фарста:

– Хуæрзуагонбæл нимад æй маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни ихæс, федæни фæлтæрти размæ ихæсгин ан. Сентябри, Археологий институти бундорбæл, искосдзæнæй ирон æвзаги ирæзти Центр. Е исуодзæнæй нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма ирæзти, культури, традицити, наукон æртасæнти фæзуат.

Аци æргъудидзийнадæ бæргæ хуарз æй æма зæрдæ дарæн ес, кæдимайди ба зингæ фæййагъаз уидæ нæ маддæлон æвзаги ирисхъæ фæгъгъомусгиндæр кæнуни гъуддагæн. Æцæг бабæй утæ ма рауайæд, æма хуарз хъæппæреси æнтæстмæ бæргæ фæббæллæн, фал фæффудевгæд уæн... Бæргæ-бæргæ, ку фæррæстмæ уидæ.

Æ радзубандий ма Сергей Меняйло баханхæ кодта уой дæр, æма ахуради ирæзтбæл берæвæрсуг архайд куд нæ бæсти æнæгъæнæй, утæ нæ республики дæр анзæй-анзмæ бæрæгæй-бæрæгдæр кæнуй берæ зингæ нæуæгдзийнæдтæй. Берæ гъуддæгутæ арæзт нæмæ цæуй, республикæ архайуй федералон аллихузон ахурадон проекти, игонгонд цæунцæ фæзуæттæ аци къабази æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæн. Зæгъæн, Курчатови æма Адæмти 'хсæн рахастдзийнæдти мæскуйаг институтти хæццæ æмгустадæ рахизтæй практикон æмвæзадæмæ, идарддæр дæр уæхæн хузи ирæздзæнæй.

Æмбурди архайдтонцæ Ахурадæ æма наукæмæ федералон цæстдарæн службæ разамонæг **Анзор Музаев**, Уæрæсей Рохсади министри статсхуæдæййевæг **Андрей Корнеев**, Национ æртасæн центр «Курчатови институт»-и директори фиццаг хуæдæййевæг **Екатеринæ Толстикова**.

Æма Анзор Музаев æмбурди радзубанди кæнгæй, куд баханхæ кодта, утемæй Уæрæсей ахурадæ рахизтæй уæлдæр æмвæзадæмæ, е регионти æнтæститæй дæр бæрæг æй.

– Цалдæр анзи Европи бæстити адтæн косæг балцити, мæ бон зæгъун æй, нæ паддзахадон скъолати ахурадон æмвæзадæ сæмæ ес, хецæн адæймæгутæ ци скъолатæ байгон кодтонцæ, айдагъдæр уоми. Нуртæккæ уæрæсейаг скъолати арæзунцæ хуæрзгъæдæ æма нуриккон ахурадæ райсуни еугур уавæртæ. Ахуради косæндæнттæмæ утæ базелуни дæнцæ нæ бæсти нæма адтæй. Цæгат Иристон бæрæг даруй æ ахурадон æнтæститæй, е æй æ разамунди архайд. Æ разамонæг ахурадæмæ устур æргом здахуй.

Республикæмæ мæ ке æрбахонетæ, е мин æхцæуæн фæууй, – фæббæрæг кодта Анзор Музаев.

Республики ахурадæмæ устур байвæрæни, бæрзонд дæснидзийнади тухххæй Сергей Меняйло Арфи финстæгутæ равардта педагогти устур къуарæн.

Фæстæдæр ма Сергей Меняйло æма Анзор Музаевæн адтæй сæрмагонд косæг фембæлд. Æрдзубанди кодтонцæ ахуради идарддæри ирæзти ахсгиаг фарстатæбæл – Еумæйаг паддзахадон фæлварæни хатдзæгтæбæл, скъолати бундорон цалцæгбæл æма педагогти материалон æгъдауæй исхуарзæнхгин кæнунбæл.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



Коронавируси нихмæ дзиллон вакцинаци кæнуни тухххæй унаффæ гъæуама хаст цæуа региони æмвæзадæбæл, исæвзургæ санитарон-эпидемиологон уавæр хинцгæй.

Уæхæн хъæппæреси хæццæ радзубанди кодта Уæрæсей Федераций Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради официалон минæвар.

Куд зонæн, утемæй эксперттæй еуæй-еуетæ фæндæ бахастонцæ, цæмæй коронавируси нихмæ вакцинаци хаст æрцæуа национ медицинон къæлиндармæ. Еци хъæппæресæн аргъ кæнгæй, федералон министрадæ национ медицинон къæлиндармæ æййивддзийнæдтæ бахæссунбæл не 'сарази æй. Уомæн æма ведомстви специалистти гъудимæ гæсгæ, нуртæккæ нæ бæсти коронавируси нихмæ равзурдæй федар дзиллон иммунитет. Æма аци нези нихмæ вакцинаци национ медицинон къæлиндармæ хæссуни фарста нуртæккæ нæ лæууй.

Уой хæццæ, министради минæвæрттæ растбæл нимайунцæ, адæми дзиллон вакцинаций тухххæй унаффæ регионти æмвæзадæбæл хаст куд цæуа, уой. Ке зæгъун æй гъæуй, исæвзургæ санитарон-эпидемиологон уавæрæн лæмбунæг аргъ искæнгæй. Фал нуриуæнгæ куд адтæй, утæ адæми кæцидæр къуæрттæн коронавируси нихмæ вакцинаци уодзæнæй æнæмæнгæ кæнгæ.

* * *

**Аци анз программитæ «Гъæуун дохтир» æма «Гъæуун фельдшер»-мæ гæсгæ Цæгат Иристони косæг 24 дохтири æма дууæ астæуккаг медицинон косæгей хæццæ бадзурдтæ исфедар кæндзæнæнцæ.**

**Нерæнгæ æдеугурæй федаргонд æрцудæй фараст бадзурди (уонæй дууæ арæзт æрцудæнцæ дууæ астæуккаг медицинон косæгей хæццæ).**

**Программитæ æнхæстгонд цæунцæ, гъæути ци дзæбæхгæнæндæнттæ ес, уонæми медицинон косгути нæхъæртондзийнæдтæ райеуварс кæнуни нисанеуæгæй.**

**Дæс æма инсæй анзей размæ (1993 анзи сентябри) Дзæуæгигъæуи игонгонд æрцудæй Дигорон театралон студи. Æртæ анзей фæсте (1996 анзи 10 ноябри) уой бундорбæл арæзт æрцудæй Паддзахадон Дигорон драмон театр.**



# ИРИСТОНИ САХЪ ФУРТТÆ КУРСКИ ТУГЪДИ

*Курски тугъди архайдтонцæ иристойнæгтæй æртæ мин адæймагемæй фулдæр æма си устур лæгдзийнадæ бавдистонцæ. Иристони æхсаргин тугъдонти кадæн, Курски тугъди цаутæ кæми цудæнцæ, уоми сæрмагондæй æвæрд æрцудæй циртдзævæн. Не 'мзæнхон бæгъатæртæн сæ еугурей туххæй дæр радзорун бæргæ æнгъезуй, фал нин нæ гæнæнтæмæ гæсгæ уæхæн фадуат нæййес, фал уæддæр цубурæй ба си зæгъдзинан кедæрти туххæй.*



**ЦЪЕБОЙТИ Бекири фурт Ибрагими** тугъди райдайæн æрæййафта Мелитополи хуæдтæхгути скъолай ахур кæнгæй. Уордæмæ æрвист æрцудæй Махачкалай институти физикон-математикон факультети фиццаг къурси фæсте. Тугъди цæхæрмæ бахаудтæй 1941 анзи ноябри мæйи Воронежи фронти. Гъæуай кодта Сталинград æма берæ æндæр сахартæ. Дæрæн кодта фашистти Берлин æма Праги бунмæ дæр.

Курски карз тохи рæстæг Ибрагим æхе бавдиста бæгъатæр, дæсни хуæдтæхæгæй, берæ зæран æрхаста знагæн. Æвдесæнтæ – «Сурх Турусæй» орден, Фидибæсти тугъди I æма II къæпхæнти ордентæ, «Сурх Стъалуй» дууæ ордени, берæ майдантæ.



**ЦЪЕБОЙТИ Ибрагими æнсувæр Омарбий** дæр берæ зинтæ бавзурста тугъди будурти. Æ дзармадзанæй берæ немуцæгтæ æма техникæ ниддæрæн кодта Ростовæй Польшæмæ цалинмæ хъæрттæй, уæдмæ. Фондз хатти фæццæф æй, фал Уæлахези бонбæл исæмбалдæй цардæгасæй Ибрагими хузæн. Паддзахадæ ин исаккаг кодта Фидибæсти Устур тугъди I æма II къæпхæнти ордентæ, «Сурх Стъалуй» орден, майдантæ.



**ЦЪЕБОЙТИ Ибрагим** æма **Омарбийи кæстæр æнсувæр Мухарбек** 20-анздзудæй фæммард æй 1944 анзи 20 октябри. Нæ фегадæ кодта е 'нсувæрти, æ муггаги, Иристони. Бавдиста устур лæгдзийнадæ, Устур Фидибæстон тугъди историй æ ном бафинста æ тогæй.

Еци æригонæй æхе бавдиста хъайтарæй æма ин хецауадæ исаккаг кодтонцæ цалдæр ордени, уæдта майдантæ. Царди рохсæй неци фæуууидта, фал федарæй зудта, цæбæл тох кæнуй, уой. Абони уой хузæнтти фæрци æй Уæрæсе хебарæ паддзахадæ.



Курски къæлæти содзгæ уолæнтæ рæргъавтонцæ **ЦЪЕУТИ Хадзисмели фурт Мусай** дæр. 1942 анзи ахур кодта Дзæуæгигъæуи æфсæддон училищей. Сталинград гъæуай кæнуни карз тохи фæццæф æй æма бахаудтæй Челябински госпиталмæ.

Уордигæй исæздæхгæй, бахаудтæй Курски тугъди гулфæнти. Ами тæккæ устурдæр танкити истугъди рæстæги Муса æма æ хæццæ танки ци къуар адтæй, уонæн сæ танк иссугъдæй, фал Хуцауи фæрци фæййервазтæнцæ еугуремæй дæр. Уой фæсте æ ахур раидарддæр кодта училищей æма иссæй афицер. Немуцаг фашистти ниддæрæн кæнуни фæсте архайдта Идард Хорискæсæни Япони нихмæ тугъди. Тугъдæй исæздахтæй сæрæгасæй. Æ реубæл æрттивтонцæ Устур Фидибæстон тугъди I къæпхæни æма «Сурх Стъалуй» ордентæ, уæдта дуудæс майдани. 1946 анзи нæуæгæй бацудæй идарддæр ахур кæнунмæ педагогон институтмæ. Дууинсæй анзи фæййахур кодта сабийти скъолай математикæбæл.



Æхебæл нæ ауæрдгæй тох кодта знаги нихмæ **ТАМАТИ Алихани фурт Азихан** дæр. 1939 анзи Фæснæли астæуккаг скъола каст куддæр фæцæй, уотæ имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Тугъд æй феййафта сахар Кировобади. Берæ рауæнти тохгæ ин рауадæй. Райста афицери цин. 1943 анзи августи мæйи фæцæй уæззау цæф, анзæй фулдæр рацудæй Азиханбæл госпитæли.

Тамати Азихан исæздахтæй сæхемæ 1944 анзи октябри мæйи. Æ реубæл æртивтонцæ цалдæр ордени æма майдани. Фæккуста бæрнон бунæтти, фал тугъди цаутæ имисун ба нæ уарзта.



Æвддæсанздзудæй рафтудæй фронтмæ **ТЕКЪИТИ Додтийи фурт Василий**, фæллигъдæй барвæндонæй. Æ тугъдон над райдæдта 1943 анзи июли мæйи станицæ Прохоровки. Дзармадзанæй æхсгути къуарæн разамунд лæвардта хестæр сержант Текъий-фурт, пурхæ кодтонцæ знаги танкитæ, фал ин æхебæл нæ байаурстонцæ. Госпитæли фæсте уæгъдæ кодта Белгород, Харьков, Полтавæ, Кременчук. Фæццæф æй дуккаг хатт, фал бабæй нæуæгæй æрлæудтæй æфсæддонти рæнгъити.

1944 анзи 12 сентябри нæуæгæй бахаудтæй госпитæлмæ æртиккаг хатт.

Æфсади рæнгъитæй уæгъдæгонд æрцудæй августи 1945 анзи капитани цини. Е 'фсæддон лæгдзийнадæ бæрæггонд æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди I къæпхæни æма Сурх Стъалуй ордентæй, дæс майданемæй фулдæр. Василий берæ æнзти дæргъи фæккуста бæрнон бунæтти, иссæй профессор. Фæстаг инсæй анзи куста Цæгат Иристони паддзахадон университети. Æ фæсте ниуууагъта кади ном.



**ТОГЪУЗАТИ Хъаурбег** Курски тугъди æхсаргинæй ке фескъуæлхтæй, уой тухххæй ин аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Еци карзæй-карздæр тохи бæнттæ уотæ имиста:

– Сталинградифронтæй нæ цубур рæстæгмæ æрбакодтонцæ Курски къæлæтмæ. Ами гъæу Черкасски рази знаг исаразта тухгин федæрттæ. Æз адтæн 138-аг сурхтурусагин артиллерион полкки рæнгъити, мæ ихæс адтæй знаги танкитæ дæрæн кæнун. Адтæн дзармадзани командир.

Ци хабæртти кой ракæнуйнаг дæн, етæ æрцудæнцæ 1943 анзи 5 июли. Нæ Уæлдæр командæкæнуйнадæ нин куд фегъосун кодта, уотемæй знаг нимпурсдзæнæй сæумæ æхсæз сахаттебæл.

Мах æдзæттæ куд гъæуама адтайанæ. Фал нæ еу гъуддаг сагъæси бафтудта. Уомæй бон раздæр фронти раззаг хуæцæнтæмæ æрбацудæй маршæл К.Г.Жуков. Зилдæй æфсæдтæбæл, фарста, нифситæ æвардта. Махмæ дæр æрбацудæй. Танкити нихмæ тохæг артиллеристтæмæ равардта еунæг фарста: «Гъæйдæ, куд? Цæттæ айтæ немуцаг «Тигртæн» æгасцæуаé зæгъунмæ?»

Етæ адтæнцæ, Гитлер хъæбæр нифсгун кæмæй адтæй æма æ зæрдæ хъæбæр кæбæл дардта, еци танкитæ «Тигртæ». Фал сæ мах нурмæ некæд фæуууидтан. Пурхæ кодтан «Пантерити», «Фердинандти», фал нæмæ «Тигр» циуавæр сирдтæ равдесдзæнæй, уой нæ зудтан. Раст зæгъун гъæуй, адтæнцæ нæмæ æ схемитæ æма зудтан кумæ 'й цæвун гъæуй, уой...

Куд нин фегъосун кодтонцæ, уотемæй нимпурсти архайдзæнæй берæ нæуæг уæхæн танкитæ. Махæн равардтонцæ фондз сæрмагонд нæмуги «Тигрти» нихмæ тохунмæ. Æнæуой нæмуг сæ нæ «иста». Фондз нæмуги берæ нæ адтæнцæ, ке зæгъун æй гъæуй, фал уæддæр нæхе æррæвдзитæ кодтан. Æнгъæлмæ кæсæн.

Уалинмæ – нæуæг бардзурд. Знаг цалинмæ æ нимпурст нæма райдæдта, уæдмæ 'й дзармадзантæй ниццæвун гъæуй. Раст рауадæй еци фæндæ. Гитлеронтæ гъенур размæ рампурсдзæнæнцæ, уотæ сæбæл ехуарæгау никкалдæнцæ нæ дзармадзантæ æма «Катюшити» нæмгутæ...

Иссæй æхсæз сахатти. Немуци 'рдигæй неци æстуф игъустæй. Мах балæдæрдтан, не 'нæнгъæлæги цæфæй нæ кæрæдзей хурфити ке рауадан, уой. Æрцудайдæ сæбæл устур зиантæ. Æма унаффæ кодтайуонцæ, æмпурсонцæ ма æви нæбал, уой тухххæй.

Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте уæддæр исфæндæ кодтонцæ æрбампурсун. Райгъустæй тухгин танкити гæбар-губур. Мах нихмæ æрбампурсунцæ цалдæр танки. Не 'хсæн еу километрæй æндæр ку нæбал байзадæй, уæд сæ дзæбæх æвзарун байдæдтан. Сæ мæсгутæбæл уорс-уорсид хуарæнтæй – тигри хузтæ. Фæттæрсун кæнунмæ нæ гъавтонцæ, æвæдзи.

Танкитæ бурдæнцæ еци еугæндзонæй. Не 'хсæн ма байзадайдæ 300 метри. Разæй цудæй «Тигр». Æз ме 'мбæлттæмæ дзорун: «Бавзарæн ибæл хумæтæги нæмуг, цума куд уодзæнæй». Æрбауагътан сæ никки хæстæгдæр. Нигъгъавтан. Гæрах! Нæмуг æ тæккæ фарсбæл исæмбалдæй æма æнгозау фæппурхæ 'й. Танк æй гъуди дæр не 'ркодта. Æ цуди куст кæнуй. Æ фæсте еци еухузонæй бурунцæ никкидæр ма цалдæр «Тигри», «Пантеритæ», «Фердинандтæ». Кæд нæ нæмгутæ ести кæнунцæ, зæгъгæ, дзармадзан «Фердинандмæ» фæййаразтан. «Гупп» æма танкæн æ сау хъуæцæ искалдæй.

– Нæййес гæнæн, лæхъуæнтæ! Рахæссетæ еци фондз нæмугемæй еу. Еци æнæхайири «Тигрæн» æвгъау неци кæнæн, – дзорун ме 'мбæлттæмæ.

Исефтигътан дзармадзан, фехстан, «Тигр» æ уодесæгау æ медбунати еци-еу зилд фæккодта æма басабур æй. Æ сæрти сау хъуæцæ рагъазта.

Тох нæ банцадæй цалдæр сахатти. Ме 'мбæлттæй æртæ фæммард æнцæ. Æз дæр уæззау цæф фæдтæн, фал нæ ниууагътан дзармадзан. Знаги танкитæ бабæй хъæбузати хузæн бурдæнцæ æма бурдæнцæ. Уæдмæ – нæуæг бæлах. Танк нæ æрбахста, нæмуг исæмбалдæй дзармадзани галеу цалхбæл. Дзармадзан, минкъий ма багъудайдæ, æма æ фарсбæл бахаудтайдæ. Нæбал нин адтæй гъавæн. Фал нин уæддæр æнæ тохæн нæ адтæй. Дзармадзани хæтæл танкмæ исаразтан, уотемæй æхстан.

Цубурдзурдæй, еци фондз нæмугемæй исрæмугъдтан цуппар «Тигри». Æнæуой нæмгутæй ба басугътан дууæ «Фердинанди» æма еу «Пантерæ». Фал хъауритæ æмхузон нæ адтæнцæ. Ме 'мбæлттæ – цæфтæ, мæхуæдæг дæр уотæ. Уæддæр тох кодтан фæстаг исуолæфти, фæстаг гилдзи уæнгæ, фæстæмæ ни еу къахдзæф дæр неке ракодта.

... Танки нæмуги исрæмугъдæй нецибал фегъустон æма фæуууидтон. Мæхемæ æрцудтæн госпитæли. Куд мин загътонцæ, уотемæй знагæн æ нимпурст нæ раудæй. Немуцæгтæн се 'лгъистаг «дзогæй» дзæвгарæ «Тигртæ» æма «Пантеритæ» фæгъгъуддæй.

Ме 'мбæлттæй дæр æртемæй фæгъгъудæнцæ. Æз некæд мæтæ кодтон мæхе адзалбæл, фал мæ уарзон тугъдон æмбæлтти мæлæтæй мæ зæрдæ ниддор æй.

Сæ тог син мах дувæрæй-æртивæрæй райстан, фал уомæй нæбал раздахтæнцæ фæстæмæ, еци æртæ биццеуи. Тæккæ зиндæр лæгæн е æй.

**Инæлар-майор Тасойти Якови фурт Ярослави райгурдбæл 25 августи исæнхæст æй финддæс æма æртинсæй анзи. Æ рæстæги архайдта Чернобыли АЭС-и аварий фæстеуугутæ искунæг кæнуни мадзæлтти.**

***Сæ райгурæн гъæу Сурх-Дигори туххæй АТАЙТИ Морат, ГЕТЪОТИ-МИНДЗАЙТИ Ларисæ æма БУЗОЙТИ Артем ци агъазиау киунугæ бацæттæ кодтонцæ, уой игон кæнуй Кувд, кæций загъд ес: «Йа дуйне радтæг, дуйней дарæг, не ’Скæнæг æма не ’Сфæлдесæг устур кадгин Еунæг Хуцау, табу дæхецæн. Ковæн æма ди корæн, нæ кувд дæмæ хуарзæй фегъусæд.***




# ХАДАТИ Марик: «ГЪÆУБÆСТИ ФАРНÆ НÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ’Й...»



**БЕСОЛТИ Æхсарæ,**
Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг

«Фидтæлти зæнхæбæл нæуæг фæлдæхт хуми баримахстон мæ уарзондзийнадæ. Нæ райхалдæй мæ деденæг. Йе дзаг думст бауæрæй нæ фæууæгъдæнцæ æ рæсугъд сифтæ арти æвзæгтау æма нæ базмалдæнцæ рагуалдзæги фæлмæн ирдгæмæ.

Нæ баниуазта сæумон æртæх мæ деденæг, нæ ниууолæфтæй зæрдибунæй хуæнхаг уæлдæф.

О мæ деденæг!

Лæуун сæргубурæй къуар анзей фæсте ауæдзи кæрони æнгъæлкæсæгау...

Нæййес мин æнæ дæу зæрдинцойнæ, дæ реуи римæхст æй мæ уарзондзийнадæ. Ду ме ’нæкæрон сосæгдзийнадæ, фидтæлти зæнхæ! Ду æнæуодбарæ дæ мæ сагъæстæй, мæ сонти бонти катаййæй, æма дин игъосун дæ тæлфунмæ...»

Уотæ æ новеллитæй еуеми финста нæ номдзуд скульптор Гадати Лазæр. Æма уотæ æнгъæл дæн, цума æ аци зæрдиагæй-зæрдиагдæр гъудитæ ба, æнæмæнгæ, æнцæ æ райгурæн Сурх-Дигори туххæй. Кæддæр раги сæ бакастæн, фал сæ хуарз багъуди кодтон, æма аци гъæумæ ести гъуддæгути фæдбæл ку бафтуйун, уæд уайтæккæдæр мæ зæрдæбæл æрбалæуунцæ.

Уомæй райдæдта нæ дзубанди гъæуи бунæттон администраций сæргълæууæг Хадати Марикки хæццæ ку фембалдтæн, уæд. Нæ дзубанди ба адтæй гъæубæсти абони цардиуаги хабæртти фæдбæл. Æма нæ хатдзæг еу адтæй: æ фидиуæзæг æцæгæйдæр ка уарзуй æма æцæгæйдæр цитгийнаг кæмæн æй, æ ирисхъи хуарзбæл ка тухсуй, уонæй алкедæр – хумæтæг гъæуккæгтæй ба сауæнгæ хецауеуæггæнгути уæнгæ – сæ зæрдæбæл даронцæ Гадати Лазæри загъд фидтæлти зæнхи туххæй æма сæ равгитæмæ гæсгæ архайуонцæ рай гурæн гъæубæстæн ести хуарз фæуунбæл. .

Уотæ бæргæ гъæуама уа, фал цардмæ ба æхе фæткитæ ес, хаттæй-хатт адæймагæн æ тæлæнтæ уоййасæбæл раунгæгтæ кæнуй, æма æхе хумæтæги гъуддагутæ райаразунгъон дæр нæбал фæууй. Рауайуй уотæ дæр, æма естæмæй ку батухсуй, уæд æй агъазгæнæг агорун багъæуй. Æма фиццагидæр æхе кæмæ бахатуй? Гъай-гъайдæр, гъæуи разамундмæ!.. Уæхæн агъазагоргутæ ба минкъий нæ фæуунцæ, уæдта ци ба сæ нæ багъæуй... Æма си алкедæр балæдæрун гъæуй, ци гæнæн æма амал ес, уомæй фæййагъаз кæнун. Е ба æнцон нæй. Æма гъæубæсти сæргъи ка ’рлæууй, уой бон уа уотæ архайун, уомæн ба ’й багъæудзæнæй бæлвурд арæхстдзийнадæ. Мæнæ Марик æхуæдæг куд гъуди кæнуй:

– Фиццагидæр, гъæуама алли гъуддаг ниллух кæнунмæ дæр арæхса, гъæуи цæргути царди ци æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фарстатæ исæвзуруй, уонæмæ уа къæрцгъос. Уомæй рахезгæй ба уа хуæрззæрдæ, бухсагæ, адæми зæрдитæмæ над иссерунгъон уа, алке дзубандимæ игъосун дæр фæраза æма сæ лæдæра. Макæддæр иронх кæна, бунæттон хеунаффæйади разамунд иннæ хецауадон оргæнтæй игъаугидæр адæммæ тæккæ хæстæгдæр ке лæууй, уой – еугур фарстатæ лух кæнун дæр уомæ кæсуй, уомæ гæсгæ ба адæми æууæнкæ макæддæр фæссайа. Адæми хæццæ кæрæдзей лæдæрун, еумæ æмхъаурæй архайун ба е ’нтæстдзийнади ратæдзæн æй.

**НÆ РАЗАГЪДИ ЛÆГТÆ**




**Гъæубæсти бæрæгастæу, тæккæ уиндгундæр раугæни æвæрд æй циртдзæвæн Гетъоти Хаджеумарæн – граждайнаг тугъди таурæхъон бæгъатæрæн. Сурх-Дигори фиццагидæр колхоз арæзт ку ’рцудæй, уæд ин равардтонцæ Гетъой-фурти ном. Æма советон доги аци хæдзарадæ Цæгат Иристони нимад адтæй тæккæ раззагдæртæй еуебæл.**

**– Гъæубæсти сæргъи æрлæуунæн адæймагмæ уотид бафæндунæй уæлдай ма гъæуама уа царди фæлтæрддзийнадæ, æма уомæй хуарзæн пайда кæнуни арæхстдзийнадæ. Ду еци гъуддагæй æнхæст дæ. Адæм дæбæл æууæндунцæ, гъæуи царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл архайис еудадзугдæр. Æнтæсгæ дæр дин берæ кæнуй, е бæрæг æй. Фал уæддæр ахсгиагдæр ба ’нцæ исаразуйнæгтæ. Æма уæ гъæуи нуртæккæ сæйрагдæр лухкæнуйнаг фарстабæл ба ци нимайис?**

– Куд иннæ гъæути, уотæ махмæ дæр дзæвгарæ ес, æвæстеуатæй æргом кæмæ раздахун гъæуй, уæхæн хабæрттæ. Етæ еу бонмæ, кенæ еу анзмæ ке ниллух кæнай, уæхæн фарстатæ нæ ’нцæ. Адæммæ игъосун мæ идарддæри кусти мæхецæн программæ аразун.

Гъæуи царди уавæртæ фæххуæздæр кæнун алкæддæр адтæй мæ сæйрагдæр мæтæ. Цæйбæрцæбæл аййевдæр æма рæсугъддæр уа нæ гъæуи æндаг бакаст, уойбæрцæбæл нæхецæн хуæздæр. Æма уоми ба нæхецæй берæ аразгæ ’й æма нин берæ цидæртæ æнтæсгæ дæр кæнуй, рæстæгæй-рæстæгмæ аразæн «æфснайæн сабаттæ». Гъæунгтæ искæдзос кæнæн бугъæй, надгæрæнттæ ци хъамил ирæзуй, уой кæрдæн, æфснайæн гъæуи алливæрстæ, фал ма нин æнæ уомæй дæр берæ куст ес. Зæгъæн, сæ уавæр фæххуæздæр кæнуйнаг æй Комсомольски, Степная æма Гетъойфурти номбæл гъæунгтæн.

Нæ республики Сурх-Дигорæ, æвæдзи, еунæг уæхæн гъæу æй, кæцими цæргутæн сæхе дзæхæратæй уæлдай ма гъæуи алфамбулайти æндæр зæнхи гæппæлтæ дæр ма кæмæн адтæй. Етæ устур пайдайæгтæ лæвардтонцæ бунæттон цæргутæн. Фал фæстагмæ ба еци зæнхи гæбазтæй беретæ си æнæхаййæй райзадæнцæ. Адæм сæ гъæститæ хастонцæ алли рауæнтæмæ, фал гъуддаг ба æ бунатæй не ’змалдæй.

Æз мæхе бахадтон району разамундмæ, нæ республики хецауадæмæ æма мæ фарс рахуæстæнцæ. Аци анз 195 хæдзари сæ фæрсаг зæнхи гæппæлтæ фæстæмæ райстонцæ, нуртæккæ лухгонд цæуй уони хигъдмæ бахæссуни фарста.

Гъæуи ниуазуни дони фарста мах гъæубæстæн ахсгиаг адтæй сауæнгæ евгъуд æноси 20-аг æнзти кæронæй фæстæмæ. Æнæ донæй ба цæрæн хæдзæрттæ аразуни гъуддагбæл дзорæн дæр нæ адтæй. 1926 анзи нæ республики разамунд унаффæ рахаста Дигори къанау исаразунбæл, æма е 1929 анзи ба кæронмæ арæзт фæцæй. Еци къанау, цæмæй ниуазуни дон адæмæн фагæ уа, айдагъ уой туххæй арæзт не ’рцудæй, фал ма Ирæфи, Дигори, Æрæдони, Кирови æма ма сауæнгæ Кæсæг-Балхъари районти мелиорацион-хæдзарадон гъæугæдзийнæдтæн дæр ма фагæ кæна. Дигори къанауи фæрци Къæрæугоми цъетети дони гъæстæ фæцæнцæ будури фæзуæттæ дæр. Фал раздæр 370 мин куби дон ци къанау лæвардта, е нур ба хъæбæр истæнæг æй.

Нæ гъæуи цæргути номæй мæхе бахадтон еци анз феврали Цæгат Иристони хецауади сæрдар Дзанайти Барисмæ, цæмæй Дигоргоми къанауæн, куд фæззæгъунцæ, дуккаг цард лæвæрд æрцæуа, æ гæнæнтæ æма равгитæй бабæй исгъомусгин уа. Æма мæ гъуди æ зæрдæмæ фæццудæй. 2024 анзи гъæуама еци къанау кæдзосгонд æрцæуа æма си дон нæуæгæй цæун райдайдзæнæй.

Гъæуи медæгæ раздæр ци берæ хуарздзийнæдтæ адтæй, уони дæр нæ нæуæгæй исцæрæццаг кæнун гъæуй. Зæгъæн, æноси æмбеси размæ нæ гъæуи кæрони арæзт æрцудæй стадион. Еци рæстæги домæнтæмæ гæсгæ æгæр хуарз дæр ма адтæй. Æндæр гъæути командити хæццæ еристæ арæзт цудæй. Раздæр хаудтæй бунæттон колхозмæ, уой фæсте федаргонд æрцудæй скъолабæл... Нур æй гъæуи есбойнадæмæ райстан, уæлдæр хецауади хæццæ бадзубанди кодтон æма нæ зæрди ес уой банивæбæлдæр кæнун. Нæ фæсевæд уарзунцæ спорт, уомæ гæсгæ ба син гъæуама гъæугæ уавæртæ дæр арæзт цæуа. Архайун зæронд скъолай спортивон зал исцалцæг кæнунбæл дæр, цæмæй си Сабети Сергейи номбæл гъæбесæйхуæцгути къуар архайа, уобæл дæр. Сæрмагонд арфитæ ракæнун



ма мæ фæндуй нæ республики нæдтæмæ цæстдарæг Комитети сæрдар Солити Тариэлæн дæр, Дзæуæгигъæуæй нæмæ берæ рæстæги дæргъи автобус нæбал цудæй, æма адæм пайда кодтонцæ, Дзæуæгигъæу æма Чиколай æхсæн надбæл цæуæг автобустæй. Гъæу æма еци надмæ фæззæлæни 'хсæн ба дууæ километри ес. Æма адæми уой уæнгæ бонигъæди аллихузон уавæрти фестæгæй цæун багъæуидæ, гъезæмарæ кодтонцæ. Нуртæккæ еци фарста дæр лухгонд æрцудæй æма бонæ дууæ хатти гъæумæ цæуй автобус. Еци Комитет ма нин фæййагъаз кодта гъæумæ бацæуæни дууæ хеди исцалцæг кæнунæн дæр, уæдта уæлмæрдтæмæ бацæуæнæн нæдтæ фæххуæздæр кæнунæн дæр.

Зæрдæмæдзæугæ æмгустадæ ес нæ гъæуи амалгъон цæргути хæццæ дæр, уони агъази фæрци нин æнтæсуй берæ, гъæубæстæн гъæугæ гъуддæгутæ аразун.

**– Нæ фидтæлти кадæ æма намус цитгин кæнун, кæстæрти Фидибæстæ æновудæй уарзунбæл æма æ сæрбæлтау рæстудæй архайунбæл алкæддæр хъæбæр бæрзонд цæстиварди адтæй гъомбæл кæнуни гъуддаг уæ гъæубæсти медæгæ.**

– Раст зæгъис, еци куст нæ гъæуи алкæддæр хъæбæр бæрнонæй æнхæстгонд цудæй. Уомæн æма е æй, евгъуд, аци бон æма исонибон кæрæдзебæл ка бæттуй, нæ размæцуди нин нифсдæттæг ка æй, уæхæн алæмæти фæрæзнæ. Уæлдай ахсигагдæр ба нæ еци куст æнхæст кæнун гъæуй нури уавæрти. Куд зонæн, уотемæй нæ гъæубæсти медæгæ агъазиау куст цæуй, цæмæй Устур Фидибæстон тугъди архайгути, уæлдайдæр ба немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй Райгурæн бæстæ фæййервæзун кæнуни сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ иронх ма уонцæ, цитгин уонцæ нæ адæми еугур фæлтæрти зундирахасти дæр. Зундгонд æй е дæр, æма нуртæккæ сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, уони хæццæ дæр нин ес федар бастдзийнадæ.

Сæрмагонд тугъдон операций нæ гъæуæй нуртæккæ архайуй фондз æма инсæй лæхъуæни. Гъæуи цæргутæ кади хæццæ æнхæст кæнунцæ сæ хестæрти фæдзæхститæ.

Тугъд тугъд æй. Æхе кæнонтæ кæнуй. Не 'мгъæуккаг æригон тугъдонтæй æртæ нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл – сæ ниййергутæ мах гъæуæй рацæуæгæ кæмæн адтæнцæ, уæхæнттæ. Кæми цардæнцæ, еци хæдзæртти фæрстæбæл мемориалон фæйнæгутæ исæвæруни ихæс сæхемæ райстонцæ Золойти Артур æма Геуæрги. Арфиаг гъуддаг исаразтонцæ, æма си еци æдзард æфсæддонти ахил, мах, гъæубæстæ æнæгъæнæй дæр куд арфиаг ан, уотæ арфиаг си уæд Хуцау дæр.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еци арфиаг гъуддаг исаразунæй уæлдай ма Золойти Артур æма Геуæрги нæмæ фæккæсунцæ гъæубæстæн æндæр ахсгиаг гъæугæ гъуддæгути дæр. Зæгъæн, дæллаг уæлмæрдтæмæ дон бауадзуни гъуддаг дæр етæ исаразтонцæ.

**– Куд кæсун, уотемæй уин уæ кусти ес рæстудæй агъазгæнгутæ. Еци гъуддаги ма арази кæмæй айтæ?**

– Алливæрсуг агъаз нин кæнуй Хортити Ростислав дæр. Хъæбæр боз дæн нæ депутаттæй, æнцæ лæдæрагæ, хъæппæресгун. Зæгъæн, нæ æригон депутаттæ Мæрзойти Олег æма Будайти Карадо, куд фæззæгъунцæ, æхсæвæй-бонæй дæр архайдзæнæнцæ гъæубæстæн ести хуарздзийнадæ исаразуни зæрдтæй, æнтæстгин куст кæнуй гъæуи нихæси сæрдар Елойти Феликс дæр. Сæ гъос нæмæ дарунцæ райони, уæдта республики разамунд дæр. Æма мин е ба уæлдай нифс дæттуй нæ кусти.




**– Марик, гъæуи цæргутæй уæмæ сæ сагъæссаг фарстати хæццæ фиццагидæр сумахмæ, бунæттон администрацимæ, ке цæунцæ, е бæлвурд æй. Æма ахиддæр уæмæ циуавæр фарстати хæццæ æрбацæунцæ гъæуи, уæдта сæ курдиæдтæ куд æнхæстгонд цæунцæ?**

– Беретæ нæмæ сæхе ци фарстати хæццæ бахатунцæ, етæ аллихузон æнцæ: бийнонти уавæрти, социалон æма æндæр гъæуагæдзийнæдти фæдбæл. Ахид ба зæнхи туххæй – фæндуй сæ косун, сæ бийнонти сæхе фæллойни фæрци дарун. Фæндуй сæ гъæуи цардиуаги хуарздзийнадæ æма уой фæдбæл фæууй сæ тухст – гъæунгтæй кæмидæрти рохсгæнæг цирæгътæ нæ фæццæфсунцæ, кæми ба газ бауадзун фæгъгъæуй, нæдтæ исцалцæг кæнун...

**– Дæ кустæн дæхуæдæг ци хузи исаргъ кæнисæ?**

– Мæ кустæн аргъгæнæг адæм æнцæ. Фал уой хæццæ ба имæ æз мæхуæдæг дæр гъæуама домагæ каст кæнон. Къохи ци бафтуйуй, уобæл нæ банцайун. Лæдæрун æй, æнæлухгонд фарстатæ ма берæ ес мæ размæ. Зиндзийнæдтæй гъаст кæнунмæ ба мин рæстæг нæййес. Ме 'мгъудигæнгути хæццæ архайун мæ гъæуккæгти цард фæххуæздæр кæнунбæл. Косæнуати бадунмæ мæ некæд евдæлуй, уæдта кæми бадон, уæхæн сæрмагонд бунат дæр мин нæййес, уомæн æма ихуæрсæн поликлиники азгъунсти косæн уæттæй еу.

**ФÆСДЗУРД**

Æма нæ абони радзубандийæн дæр кæронбæттæн искæнæн Гадати Лазæри еума новеллæй, хуннуй «Ивулуй дæзар...»

*«Дæ фидæ кафагæ адтæй, зарагæ, дæ фидæ уадиндзæй цæгъдидæ...»*

*Ести мæбæл басосæг кæнтæ æ хуарздзийнæдтæй, æ лæгигъæдтæй, мæ бон нæй уой бæрцæ кадæ иссерун мæ уоди.*

*Дæ фæлгонц агорун мæ цæуæти уинди, сæ фезмæлди, сæ ракъахдзæфи, сæ ниххудти. «Карз адтæй дæ фидæ» мин ма дзоретæ. Куд уон федар, æнæзустдзурд мæ цæуæттæн дæуау?*

*Архайун дæ дзурд фегъосунмæ. Ирæфи сæрти мæмæ хуæнхаг ирдгæ æрбахæссуй дæ уадиндзи гъæр, дæ дзурд дин не 'гъосун.*

*Нæ дæ зудтон, ма дæ мæхецæн æргъуди кодтон.*

*«Дæ фидæ цауæйнон адтæй». Ирæфуордæг тар æхсæргун гъæди уг дзиназуй, ке не 'здæхис, уобæл æрхун кæнуй. Дæ къахи фæлмæн æфсæрсти сор къуæцæл дæр басастайдæ.*

*Зæнхуарзон, хумæгæнæг адтæ ди зæгъунцæ.*

*Алли уалдзæг дин дæ хумæбæл готон рауадзунцæ дæ цæуæт, уæддæр зæнхæ дæумæ æнгъæл кæсуй. Дæ фæстаг къахдзæф идард зæнхæбæл ракодтай.*

*Дзæнæт фестæд, дæ фæстаг тоги æртæх ци зæнхæмæ ниххаудтæй, е.*

*Игъосун дин дæ уадиндзи цъæхснаг гъæлæс, игъосун.*

Аци новеллæ уомæ гæсгæ æримистан, æма Сурх-Дигорæ алкæддæр намусгин адтæй æ хъæзауатон дзилæй. Фæндуй нæ, цæмæй гъæуи нури цæргутæ уони намусбæл сæхе намус куд æфтауонцæ, уæлдайдæр ба кæстæр фæлтæрти хуарздзийнæдтæй гъæубæстæ сæрустур куд уонцæ.

## ИРОНХ НЕКЕ ÆЙ, ИРОНХ НЕЦИ ÆЙ...






**Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Сурх-Дигорæй фронтмæ рандæй 669 адæймаги, уонæй ба 322 нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл, Райгурæн бæсти сæребарæдзийнади сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæхе. Сæ номерæнæн нæ гъæуи бæрæгастæу парки син æвæрд ес цитрдзæвæн, финст си æнцæ сæ рохс нæмттæ.**

**Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Цæгат Иристонмæ ку æрбайервазтæнцæ, уæд си кæд берæ нæ фæцæнцæ, уæддæр уæззау бæлæхтæ ба исаразтонцæ. Нæ гъæу знагæй исуæгъдæ кæнуни фæдбæл 1942 анзи кæрони ами ци карз тугъдтитæ цудæй, уонæми дæр фæммард æнцæ хъæбæр берæ советон тугъдонтæ. Нæ гъæуи парки сæ номбæл ци цитрдзæвæн ес, уой алфамбулай хуарз фæлгонцгонд æй, еудадзуг имæ зилд цæуй.**

***ЦÆГОЛТИ Николай (1904-1985): «Уæрæсей революцион æйииввддзийнæдтæ ку райдæдтонцæ æма тох ку байеудагъ æй нæуæг, фæллойнæгæнгути хуарзæн цардарæзти сæрбæлтау, уæд Иристони дзиллæ никки хъæбæрдæр æрбангом æнцæ большевикти партий алливарс. Еци рæстæг ин Владикавкази разамунд лæвардтонцæ С.М. Киров, М. Орехелашвили æма иннетæ. Иристони фæззиндтæй революцион-демократон къуар «Кермен».***



***Цæгат Иристони разагъди лæгтæй, нæ адæмæн берæ хуæрзти ка бацудæй, уонæй еу адтæй ÆБАТИ Бекмæрзай фурт Шамил (гъæубæсти æй худтонцæ Самел) дæр. Куд рæстзæрдæ адæймаг, уотæ е уодуæлдайæй тох кодта фæллойнæгæнæг дзиллити барти сæрбæлтау, се 'фхуæрд уавæртæй сæ фæйййервæзун кæнунбæл. Тох кодта айдагъ тохæнгарзæй нæ, фал пъеройæй дæр, уомæн æма æ революцион куст арæхстгинæй баста исфæлдистадон архайди хæццæ. Аци анз æ райгурдбæл æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1878-1940). Æма ин æ рохс ном ерæн, мæнæ дæлдæр ци уац мухур кæнæн, уомæй.***



# ÆФХУÆРД АДÆМИ СÆРБÆЛДЗОРÆГ



**ТОТОЙТИ Михаил,**
**(1910-1979)**
**историон наукити доктор, профессор**

Æбати Бекмæрзай фурт Шамил райгурдæй 1878 анзи Киристонгъæуи (нури Дигорай) мæгур зæнхкосæги хæдзари. Сувæллон уогæй неци цийнæдзийнадæ фæууидта, фал адтæй зæрдæргъæвд æма æхердигонау лæдæрдтæй, æ алливарс цитæ уидта, уони: еуæй-еу гъуддæгутæ иста æ зæрдæмæ æма сæбæл тухстæй, иннетæ ба имæ æвзурун кодтонцæ маст æма æнæуинондзийнадæ...

Гъæууон скъола каст ку фæцæй, уæд ин нæ адтæй идарддæр ахур кæнуни фадуат, фал æхуæдæг куста æ зонундзийнæдтæ фулдæр кæнунбæл, берæ кастæй политикон æма аййевадон литературæ. Ирон фингутæй æ зæрдæмæ уæлдай хъæбæрдæр цудæнцæ Хетæгкати Къостай æмдзæвгитæ. Къостай æмдзæвгитæ хъæбæр фæззиндтæнцæ Шамили исфæлдистадон ирæзтбæл.

Ке зæгъун æй гъæуй, æ зонундзийнæдтæ фулдæр кæнунæн ин берæ рæстæг нæ адтæй, уомæн æма 'й кæнун гъудæй гъæууонхæдзарадон куститæ. Шамил æ гъæуккæгти хæццæ цалдæр хатти архайæг адтæй хъазахъаг урядникти нихмæ, уæдта баделиати зæнхитæ æма гъæдтæ ка гъæуай кодта, уони нихмæ тохи. Еци буцæутæ рауадæнцæ къазнай кенæ баделиати гъæдти бæлæстæ ракъуæруни, уæдта Туйгъанти зæнхæбæл хевастæй хуасæ æркæрдуни фæдбæл æма æндæр естæйти фæдбæл.

Еци къласон буцæутæ зæнхкосгутæн, уони хæццæ Æбати Шамилæн дæр адтæнцæ революцион æгъдауæй исфедар уни скъола, æма уоми Шамил æ царди æхецæн равзурста политикон тохгæнæги над. Тæкъоти Симони æма иннæ революцион архайгути разамундæй 1902-1904 æнзти Иристони социал-демократон къуæрттæ арæзт ку цудæнцæ, уæд Шамил фиццæгти хæццæ иссæй уæхæн къуари активон иуонг Киристонгъæуи.

## ÆМА РАПАРАХАТ ÆЙ ÆФХУÆРГУТИ НИХМÆ ТОХ

Фиццаг уруссаг революций æнзти Æбати Шамил æновудæй архайдта зæнхкосгути змæлди Дигори, Киристонгъæуи. *«Кълæсти тохи историон бунати пролетариат ку 'рлæудтæй, социал-демократтæ (большевиктæ) разамунд кæмæн лæвардтонцæ, уæд уомæ гæсгæ Киристонгъæуи революцион æзмæлд рапарахат æй æма рахизтæй æфхуæргути нихмæ тохмæ»,* – финсуй Шамил æ имисуйнæгти.

Шамил еци æнзти ци æмдзæвгитæ ниффинста, уоми нифсгун кодта адæми, æууæндун сæ кодта сæ хъауритæбæл, æригон æма раст зундбæл лæуд хъауритæмæ дзурдта революцион тохи урух надмæ («Рæстæг», «Ныхæстæгæнæгæн» æма æндæр æмдзæвгитæ). Поэти фæндадтæй, цæмæй еци тохи сæргъи æрлæудтайуонцæ æндиуд раздзæугутæ – разамонгутæ.

«Ныхæстæгæнæгæн» ка хуннуй, еци æмдзæвги Шамил паддзахи хецаудзийнадæ исхудта дæндагнез æма амудта, дæндагнезæй фæйййервæзунæн ке ес еунæг хуасæ – лæгъуз дæндаг исласун, гъома, паддзахи, эксплуататорти хецаудзийнадæ фехалун.

Фиццаг революций фæсте, столыпинон реакций æнзти æма уой фæсте æнзти Шамил æхе хъæбæрдæр бахæстæг кодта фæллойнæгæнæг адæммæ, райдайæн скъолай гъæууон ахургæнæгæй косун ку райдæдта, уæд. Æхуæдæг æ зонундзийнæдтæ фулдæр кæнунбæл куста, уотемæй ин устур зинтæй бантæстæй æхе бацæттæ кæнун æма гъæууон райдайæн скъолай ахургæнæги ном райсуни туххæй 1915 анзи фæлварæн раттун. Уæдæй фæстæмæ е ахургæнæгæй куста ирон гъæути, уомæй уæлдай ма фæллойнæгæнæг зæнхкосгути æхсæн кодта революцион куст дæр.

## «ÆРРÆВДЗÆ КÆНÆН НÆ ГÆРЗТÆ!..»

Еуæй-еу фингути исфæлдистадæбæл фæббæрæг æй, исонибонбæл ке не 'ууæндтæнцæ, зæрдсаст ке фæцæнцæ, е. Фал Æбати Шамил уонæй нæ разиндтæй. Столыпинон карз реакций æнзти, цума нецибал байзадæй æма нæ исонибонбæл зæрдæ дарæн нæбал ес, зæгъгæ, бангъæлæн ку адтæй, уæд айдагъдæр æхсаргин æма федар революционери бон адтæй æнхæст нифсгун, адæмбæл æма исонибонбæл федарæй зæрдæдарæн дзубандитæ финсун. Шамили æмдзæвгæ «Æмбалмæ», зæгъгæ, уоми кæсæн:

*...Нæ рæнгъитæмæ фæдздзорæн,*
*Æррæвдзæ кæнæн нæ гæрзтæ,*
*Дзихъин нæуæгæй ниццæвæн, –*
*Исрæхсбеддзæнæй нæ бæстæ!*

Уæхæн гъудити хæццæ Шамил еци рæстæги ниффинста æндæр æмдзæвгитæ дæр: «Бонвæрнон», дууæ æмдзæвги Хетæгкати Къостай туххæй («Йæ цард», «Къоста») æма æндæртæ. Финста, æ архайдæй адæми иссæребарæкæнуйнадон тохæн зиан ка хаста, уони нихмæ дæр.

Паддзахи хецаудзийнади æууæлти, паддзахи хецауади æма буржуазий – пъамещикти цардæвæрди еугур фарслæугути æцæг цæсгон æма миутæ æргом кæнгæй, Шамил, æцæг революционерæн куд æмбæлуй, уотæ, æновудæй æма æндиудæй дзурдта косгути æма гъæууон мæгурти сæрбæл. Е бæрзонд хаста иссæребарæ кæнуни туруса, революций туруса. Æ революцион архайдæй æма исфæлдистадæй Шамил иннæ революционерти хæццæ, прогрессивон-æхсæнадон архайгутæ æма фингути хæццæ еумæ агъаз кодта Иристони революцион-иссæребарæкæнуйнадон æзмæлд парахат кæнунбæл.

1917 анзи сæрди кæрони революцион-демократон парти «Кермен» арæзт ку 'рцудæй, уæд Шамил уайтæккæдæр бацудæй уой рæнгъитæмæ æма иссæй æ разамонгутæй еу.

## КЕРМЕНИСТТИ АГЪАЗИАУ КУСТ ДЗИЛЛИ РАЗÆНГАРДГÆНÆГ АДТÆЙ

Еци парти исаразгутæ Гибизти Дебола, Къесати Колка æма Гостити Æндрей Шамили æмбæлттæ адтæнцæ «Кермен» исаразуни размæ дæр, фал парти арæзт ку 'рцудæй, уæд кæрæдземæ хъæбæрдæр бахæстæг æнцæ, «Кермен»-и партий хæццæ еу революцион æма политикон гъуддæгутæ сæ ке адтæй, уомæ гæсгæ. Уæхæн хæстæг æмбæлттæ ма ин адтæнцæ Цæголти Геуæрги, Тогъойти Данел, Хъесати Хъæлæмурзæ, минкъий фæстæдæр ба Борухъуати Хъазбег, Рæмонти Хадзимæт, Барахъти Гино æма Иристони революцион æзмæлди берæ æндæр зундгонд архайгутæ.

Еугур политикон кампанити керменисттæ дæр архайдтонцæ Дзæуæгигъæуи æма Терки большевикти хæццæ еумæ, сæ хæццæ æнгом баст уогæй. Дзурдæн зæгъæн, уотæ адтæй Дзæуæгигъæуи сахари Думæмæ æма Бундорæвæрæг æмбурдмæ æвзурстити. Шамил раст аргъ кæнуй, керменисттæ еци рæстæги ци куст кодтонцæ, уомæн. *«Октябри революций дзамани,* – финсуй Шамил, – *Цæгат Иристони керменисттæ, мæгур зæнхкосгути сæ фæдбæл хонгæй, нифсгунæй тох кодтонцæ, революций нихмæ ка лæудтæй, уони хæццæ. Керменисттæ агъазиау куст бакодтонцæ Бундорæвæрæг æмбурдмæ депутаттæ 'взаргæй, Цæгат Иристони берæ гъæути етæ берæ адæмти раздахтонцæ, большевиктæй ка адтæй, еци кандидатти 'рдæмæ, сæ гъæлæстæ уонæн куд равардтайуонцæ, уотæ».*

Шамил æ имисуйнæгти бæлвурд амонуй, еу ахсгиаг гъуддаг. Цæветтонгæ, «Кермен»-и ЦК Киристонгъæуи исаразта партий райком æма сæйрагдæр е кодта организацион-пропагандистон куст. Дигори, уой хæццæ ма партий еци райком адтæй Киристонгъæуи партион организаций партком дæр.

Æбати Шамил адтæй Киристонгъæуи парткоми сæрдар, уæдта æгъдаумæ гæсгæ Киристонгъæуи парткоми сæрдар «Кермен»-и ЦК-и бюрой иуонг дæр. Уотемæй Æбати Шамил адтæй гъæууон парткоми райпарткоми сæрдар æма «Кермен»-и ЦК-и бюрой иуонг.

Керменистти райкоми сæргъи уогæй, Æбати Шамил гъæддух тох кодта кулакти нихмæ. Зундгонд куд æй, уотемæй æлдæрттæ-баделиатæ, кулактæ, динамонгутæ, уорс афицертæ æма Иристони иннæ реакционертæ хæран цæстæй ракастæнцæ, парти «Кермен» ке исæвзурдæй æма исфедар æй, уомæ, æрлæудтæнцæ æ нихмæ æма кодтонцæ ин аллихузи цъифкалæн миутæ. Фал еци цъифкалæн æма къахæн дзубандитæй неци рауадæй, фæллойнæгæнæг зæнхкосгутæ уидтонцæ, парти «Кермен» ке адтæй сæ сæрбæл еузæрдиуонæй тохгæнæг æма цудæнцæ æ фæдбæл.

Шамил раст финсуй, Дзæуæгигъæуи æма Терки большевикти хæццæ еумæ æма уони разамундæй косгæй, керменисттæн «устур кадæ ке адтæй фæллойнæгæнæг адæми 'хсæн».

Æбати Шамил адтæй революционер-практик. Парти «Кермен»-и революцион кусти хæццæ баст цаутæй, æвæдзи, еу дæр уæхæн нæ

**Хуцаубони, 27 августи бæрæггонд цæудзæнæй Уæрæсейаг киной Бон. Е махæн, Иристони дзиллæн дæр хеуон бæрæгбон æй, уомæн æма не 'мзæнхонтæ зингæ фескъуæлхтæнцæ æма æскъуæлхунцæ аййевади аци къабази.**

***Уой иуонгтæ хъæбæр зæрдиагæй исæмбалдæнцæ Октябри революцибæл, большевикти разамундæй иссæнцæ агъазиау тухæ æма большевикти хæццæ революцион тохи еузæрдиуонæй архайæг еугонд. «Кермен» устур агъаз фæцæй Иристони æма Терки зилди Советон хецаудзийнадæ æрфедар кæнуни гъуддагæн. Æ разамонгути рохс нæмттæ некæд феронх уодзæнæнцæ нæ дзиллитæй, æностæмæ си арфиаг уодзæнæнцæ...»***

адтæй, æма е ести хузи кæми нæ архайдта. Ауæхæн цаутæ ба минкъий нæ адтæнцæ айдагъ Иристони æлдæртти-баделиати æма кулакти нихмæ тох кæнгæй нæ, фал еумæ зæгъгæй Терки контрреволюций нихмæ тох кæнгæй дæр.

## КИРИСТОНГЪÆУБÆЛ УÆЗЗАУ БÆНТТÆ КУ ИСКОДТА...

Шамил «Кермен»-и, уой фæсте ба УК (б) П-й Цæгат Иристони округи организаций иннæ разамонгути хæццæ еумæ æновудæй куста «Кермен»-и гæрзефтонг отрядтæ аразунбæл, гæрзефтонг тохгæнгути политикон æгъдауæй гъомбæл кæнунбæл æма сæ ирон æма теркаг контрреволюций гæрзефтонг отрядти нихмæ тохмæ разæнгард кæнунбæл. Керменистти фиццаг «сурхгвардион отряд» исаразта «Кермен»-и ЦК-и амундмæ гæсгæ Киристонгъæуи партком 1917 анзи. Уомæй уæлдай парткоми Æбати Шамили хъæппæресæй Киристонгъæуи арæзт æрцудæй хе гъæуай кæнуни гъуддаг æма ин разамунд лæвардта хе гъæуайкæнуйнади Совет. Еци Совети «Кермен»-æй адтæнцæ Гостити Æндрей, Мамати Геуæрги, Къесати Саввæ, Худæлти Г.

Дзæуæгигъæуи августи уæззау бæнтти рæстæги Шамил Иристони округи партион организаций иннæ разамонгути хæццæ дзиллитæ разæнгард кодта контрреволюций нихмæ тохмæ. Еци бæнтти æ зæрдæ хъæбæр фæрристæй, æ хæстæг æмбæлттæ – «Кермен» исаразгутæй еу – Къесати Колка æма «Кермен»-и зингæ архайæг Цалити Брихин знаги къохæй ке фæммард æнцæ, уобæл.

Августи еци бæнтти уæззау зиантæ ’рцудæй Иристони æма еугур Терки большевиктæбæл, фал хъæбæрдæр исфедар æнцæ революцион дзиллитæ, никки æгъатирæй тох кодтонцæ уорсгвардионти нихмæ.

Шкурой бандитæ Николаевски станици фæсте се ’ргом Киристонгъæумæ ку исаразтонцæ, уæд «райпартком, – финсуй Æбати Шамил – тугъдон комиссарæн (уæд гъæуи тугъдон комиссар адтæй Золойти Николай) бафæдзахста, уорситæй тæссагæй-тæссагдæр ке кодта, уой фæдбæл Киристонгъæуи фæдес куд рагъæр кодтайдæ æма гъæуи алливарс акъоппити æрлæууни туххæй бардзурд куд равардтайдæ...»

Гъæу ка гъæуай кодта, уони рæнгъити киристонгъæуккæгтæн сæхецæй уæлдай ма адтæй берæ гæрзефтонг тохгæнæг керменисттæ иннæ гъæутæй дæр (Æрæдонæй, Хъарман-Синдзигъæуæй, Къора-Уорсдонæй, Дур-Дурæй, Чиколайæй, Лескенæй æма æндæр гъæутæй); уæдта си адтæнцæ хъазахъæгтæ Николаевски станицæй, балхъайраг сурхæфсæддонти къуар æма æндæртæ. Большевиктæ-керменисттæ, уони хæццæ Æбати Шамил дæр, адтæнцæ Киристонгъæу æхсаргинæй ка гъæуай кодта, уони раззаг рæнгъити, сæхуæдтæ фæнзуйнаг уогæй, разæнгард кодтонцæ гæрзефтонг тохгæнгути.

Киристонгъæубæл уæхæн уæззау бæнттæ ку искодта, уæд еци рæстæги Æбати Шамил æвдиста устур федардзийнадæ. Дзурдæн зæгъæн, гъæу гъæуай кæнуни дуккаг бон хъæбæр зин уавæр ку исæвзурдæй, уæд бунæттон болкъонтæ, кулактæ æма саугинтæ æрæмбурд æнцæ гъæусовети, цæмæй Шкуромæ делегаци рарвистайуонцæ бафедауни туххæй. Фал гъæусовети сæрдар æма гъæуи тугъдон комиссар, парторганизаци æваст не ’сарази æнцæ уобæл æма фæдздзурдтонцæ парткоми сæрдар Æбати Шамилмæ. Е гъæусоветмæ æрбацудæй фронтовикти хæццæ, «фæссурдта контрреволюцион æрдонгти æма Революцион-тугъдон советмæ бакодта нæуæг æртæ иуонги».

Киристонгъæу байсунбæл тугъдтити Шкурой бандиттæй фæммард æй 500 адæймагей уæнгæ, гъæу гъæуайгæнгутæй ба – 280 адæймагей уæнгæ (уорситæ фехстонцæ, тифæй сæйгæ ка адтæй, уæхæн 200 сурхæфсæддони, гъæуи цæргутæй ба фæммард æй 80 адæймаги). Шкурой æфсæдтæ гъæу ку байстонцæ, уæд сæ маст истонцæ гъæуи цæргутæй, – истонцæ син сæ мулк, кодтонцæ æнаккаг, гъæддаг миутæ, мардтонцæ адæми.

## ÆМА ПАРАХАТ КОДТА ПАРТИЗАНТИ АРХАЙД ЗНАГИ КЪИЛДУНМÆ

Шкуро фиццагидæр байагурдта, гъæуи цæргутæ керменистти раздзæугути куд равардтайуонцæ, уой. Æрæмбурд кодтонцæ, кулактæ æма уорсгвардион афицертæ хецауеуæггæнæг кæми адтæнцæ, уæхæн «æхсæнадон сход», æма е рахаста, Шкурой ка гъудæй, уæхæн тæрхон.

Фал разамонгутæй уорсити къохмæ неке бахаудтæй, уомæн æма етæ еугур керменистти хæццæ еумæ, Шкурой æфсæдти цæг ратонгæй, рандæнцæ Сау гъæдæмæ. Уæд уорс бандитæ сæ маст райсуни туххæй басугътонцæ еуæй-еу зингæ керменистти хæдзæрттæ – Æбати Шамили, Тогъойти Данели, Гуцати Багий, Хъесати Хъæлæмурзай æма æндæрти.

Сау гъæди арæзт æрцудæй округи сосæг партком æма Революцион-тугъдон совет. Округи сосæг парткоми сæргъи адтæй Æбати Шамил. Революцион тугъдон советæн ба сæрдар адтæй Тогъойти Данел (е адтæй Дигори еугур партизанти отряди командир дæр). Уотæ арæзт æрцудæй сурх партизанти штаб æма уой разамундæй парахат кæнун байдæдта партизантæбæл змæлд знаги къилдунмæ.

Большевиктæ-керменисттæ Тогъойти Данели, Æбати Шамили, Тæкъоти Дзандари (Дигоргоми комендант) æма иннети разамундæй Дигоргомæй исаразтонцæ æнæбасæттгæ федар. Е адтæй, ами Советон хецаудзийнадæ 1919 анзи майи æмбеси уæнгæ æ бунати кæми байзадæй, уæхæн еунæг къум.

## ФÆЛЛОЙНÆГÆНГУТИ ТОХ СÆ БАРТÆБÆЛ АДТÆЙ УÆЛАХЕЗОН

Дигоргом бæгъатæрæй гъæуай кæнуни гъуддаги, большевиктæй-керменисттæй фæстæмæ архайæг адтæнцæ балхъайрæгтæ, кæсгæнттæ, Апшерони полкки дууæ ротей салдæттæ, 1919 анзи апърели сурх партизанти ’рдæмæ ка ’рбацудæй, уæдта Николаевски æма Мæздæги станицити хъазахъæгтæ æма æндæртæ. Еци æнгом, федар интернационалон отрядæн разамунддæттæг адтæй партион организаци, æ сæргъи Æбати Шамил, уотемæй. Отряд 100 боней дæргъи бæгъатæрæй гъæуай кодта Дигоргом, Уорсгвардион болкъонтæ Гутъий-фурти, Икъай-фурти, Леуси (фæммард æй коммæ бацæуæни), Кочисай-фурти, къниаз Мулдари (фæммард æй коммæ бацæуæнæй минкъий идарддæр) лæборæг æма æфхуæрæг отрядти, баделиати отряди æма æндæрти къуар нимпурсти бустæги фæссинк æнцæ. «Керменисттæ æма Дигоргоми мæгур хуæнхаг адæм, – финсуй Шамил, – сæ нихмæ гъæддухæй лæудтæнцæ æма етæ фæстæмæ ледзæг фæцæнцæ, устур зиантæ сæбæл æрцудæй, уотемæй». Лæборæг æма æфхуæрæг отрядти фæндитæ фехалуни гъуддаги сæйраг æскъуæлхтдзийнадæ равдиста Тогъойти Данели отряд.

Къесати Колка, Гибизти Дебола, Гостити Æндрей æма Цæголти Геуæрги ку фæммард æнцæ, уæд уой фæсте округи сосæг парткомæн аккаг разамонæг разиндтæй Æбати Шамил.

15 майи бардзурд лæвæрд æрцудæй Хъæрæугомбæл æма Геби æфцæгбæл Гурдзистонмæ рацæуни туххæй. Æбати Шамил Тогъойти Данели æма иннети хæццæ зæрдиагæй бакуста, Гурдзимæ рахезуни гъуддаг цæмæй хуарз рацудайдæ, уобæл.

Иннæ большевикти хæццæ еумæ Æбати Шамил уоми идарддæр архайдта, коммунистти Хуæнхон комитет разамунд кæмæн лæвардта, еци сосæг кусти. Коммунистти еци Хуæнхон комитет, Тæкъоти Симон ке сæргъи адтæй, е арæзт æрцудæй партий Кавкази крайи комитети. Шамил адтæй Хуæнхон комитети иуонг, Гурдзистонæй рацæуни размæ фæстаг æртæ мæйи ба – æ сæрдар. Æбати Шамили æма иннети сосæг куст адтæй фиццагидæр Иристонмæ æма Мæхъæлмæ тохæнгæрзтæ, æхца, хуастæ, уæдта прокламацитæ æма æндæр литературæ ’рветун, Иристони гъæдти ка байзадæй æма идарддæр ка тох кодта, уонæн.

Партий Кавкази крайи комитети амундмæ гæсгæ Цæгат Кавкази коммунисттæ хуæнхон æфцæгутæбæл фæстæмæ ’здæхун ку байдæдтонцæ, Деникини къилдунмæ хуæнхаг адæми знаги нихмæ исистун кæнуни туххæй, уæд 1919 анзи фæззæги Тогъойти Данели, Борухъуати Хъазбеги, Ботъоти Амирхани, Тæкъоти Дзандари хæццæ Иристонмæ æрбаздахтæй Æбати Шамил дæр.

Уæдæй фæстæмæ партизанти æзмæлд Иристони, Дигори нæуæгæй тухгиндæр кæнун байдæдта æма уайтæккæ иссæй знаги нихмæ тохгæнæг агъазиау тухæ.

Сурх Æфсад, деникинон бандитæ дæрæн кæнгæй, Терки арæнтæмæ ку ’рбахæстæг æй, уæд Иристони фæллойнæгæнгутæ æма сæ намусгин гъæуайгæнгутæ – сурх партизантæ, партий округи сосæг комитети разамундæй, сæ бунæттæй сорун райдæдтонцæ, деникинонтæ ци хецæуттæ исæвардтонцæ, уони.

Киристонгъæуи 4-5 мартъий æхсæви адтæй УК (б) П-й Иристони округи сосæг комитети æма округи Революцион-тугъдон Совети фæстаг æмбурд (округи сосæг партион комитети сæргъи адтæй Æбати Шамил, Революцион – тугъдон совети сæрдар ба – Тогъойти Данел). Еци æмбурди баунаффæ кодтонцæ Иристони советон хецаудзийнадæ раседун.

Уотæ, Сурх Æфсади уæлахезти фæрци, уруссаг адæми æма Уæрæсей иннæ еугур адæмти агъазæй, уæдта фæллойнæгæнгутæн сæхе æновуд тохи фæрци кæрон æрцудæй Деникини тогцъух хецаудзийнадæн Иристони æма еугур Цæгат Кавкази.

Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæ уорсгвардион контрреволюцион хецаудзийнади нихмæ ци бæгъатæр тох исамадтонцæ, фæлтæрд большевиктæ Мамсурати Сахангерий, Тæкъоти Симон, Æбати Шамил, Тогъойти Данел, Барахъти Гино, Ботъоти Амурхан, Арсæгти Горга æма иннетæ разамунд кæмæн лæвардтонцæ, еци къуæрттæ сæ агъази хай бахастонцæ деникинон контрреволюци ниппурхæ кæнуни гъуддагмæ.

1920 анзи 16-18 июли адтæй округи партион организацион конференци æма е равзурста УК (б) П-й Цæгат Иристони округи комитет. Уордæмæ æвзурст æрцудæнцæ авд адæймаги: Дзаттиати Александр, Мамсурати Сахангерий, Æвзурæгти Марк, Чехойти Ефим, Æбати Шамил. Галич Т. Кандидаттæй æвзурст æрцудæнцæ Бутати Хъазбег, Хоранти Т., Таболти П.

1920 анзи 21 июли Æрæдони адтæй ирон адæми съезд. Съезди кусти активон архайæг адтæй Æбати Шамил дæр. Съезд равзурста Цæгат Иристони округи æнхæстгæнæг комитет. Уордæмæ æвзурст ка ’рцудæй, уони æхсæн адтæй Æбати Шамил дæр.

Идарддæри æнзти дæр Æбати Шамил адтæй бæрнон кустити партион æма советон оргæнти: адтæй Хуæнхон Центрон Æнхæстгæнæг Комитети иуонг, Цæгат Иристони Облæнхæсткоми адæмон ахуради хайади сæргълæууæг, Цæгат Иристони педагогон институти директор, адтæй ÆК (б) П-й Цæгат Иристони обкоми, Цæгат Кавкази крайæнхæсткоми бæрнон косæг. Куста æндæр бунæтти дæр.

## АДТÆЙ ЗÆРДХÆЛАР, ХУÆДÆФСАРМÆ, ЗУНДГИН АДÆЙМАГ

Æбати Шамил еудадзугдæр баст адтæй фæллойнæгæнгути урух дзиллити хæццæ, ахид цудæй гъæутæмæ æма дзубанди кодта зæнхкосгути æмбурдти, лæдæрун син кодта партий æма Советон хецаудзийнади архайди нисантæ. Компартий зæронд иуонг Мерденти Будзи, медтугъди æнзти партизан, зæгъуй, коллективизаций æнзти Æрæдонмæ (Мерденти Будзи уæд уоми адтæй гъæууон парткоми секретарь) ке ’рцудæй партий обкоми бæрнгинæй Æбати Шамил. Еци рæстæги кулакти ардудæй зæнхкосгути еу хай косунмæ нæ цудæнцæ, уæдта не ’нхæст кодтонцæ паддзахадæмæ хуар дæттуни ихæстæ.

Арæзт æрцудæй гъæууон сход æма уоми лæмбунæг радзубанди кодта Æбай-фурт. Шамили радзубандий фæсте, зæгъуй Мерденти Будзи, зæнхкосгутæ уайтæккæдæр бавналдтонцæ гъæууонхæдзарадон куститæ кæнунмæ, сæ хуари уæлдæйттæ равардтонцæ паддзахадæн, уæдта исæнхæст кодтонцæ паддзахади иннæ ихæстæ дæр. Еци цау ба уой æвдесæн æй, æма Шамил зудта адæми хæццæ дзорун æма ибæл адæм дæр æууæндтæнцæ.

Шамил адтæй зæрдхæлар, хуæдæфсармæ, зундгин адæймаг. Æ рази гъенцъун дæр неке кæнидæ – уарзта игъæлдзæг дзубандитæ кæнун, æмбесæндтæ дзорун.

Еци адæмуарзон, рохс гъуддæгутæ рæстзæрдæй аразæг адæймаги цардвæндаг хъæбæр æбуалгъ хузи фескъудæй æ тæккæ тæмæни уогæй – 1937 анзи æвудæй ахæст æрцудæй æма, ахæстдони фæссахъат уогæй, 1940 анзи рамардæй.

***1967 анз.***




*Циртдзæвæн Æбати Шамилæн Киристонгъæуи Кади Аллейи.*

**Ветеринарон косæги Бон бæрæггонд цæудзæнæй цуппæрæни, 31 августи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази косгутæн сæ еугуремæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл.**

*Ну не клюет у генерала, и ни послать ни приказать.*

* * *

*Профессор, спорим на двадцатку, что я экзамен не сдам?*

* * *

*– Поднять паруса!*
*– Капитан, у нас же судно на электродвигателе.*
*– Поднять электродвигатель!*



# АДГИН ДÆР ÆЙ ÆМА ПАЙДА ДÆР!..

***Аци афони, уæлдайдæр тæвдæ рæстæги, фулдæр хæттити зæрдæ байагоруй харбуз. Æ адгин донæй ком рауазал кæнунæй хуæздæр ма ци фæууй. Фал беретæ нæ зондзæнæнцæ еугуремæн дæр уарзон æма алкæмæн дæр зундгонд зайæгоймæ биологион цæстингасæй ку 'ркæсæн, уæд æй бахæссæн ке ес гагарæзи къæпхæнмæ. Æндæр дзурдтæй æй ку зæгъæн, уæд е æй халсарон гагарæзæ, уотемæй ба хауй насæнгæсти бийнонтæмæ.***

Гъе, уæхæн цæхгæрмæ хецæндзийнæдтæбæл ку нæ гъуди кæнæн, уæд харбуз адæймаги организмæн пайда ке æй, е зундгонд æй хъæбæр рагæй. Æ хузæгæндтæ ин абони фæууинæн ес мисираг пирамидити фæрстæбæл. Аргъ кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау халсартæбæл ба нимад цудæй Рагон Китайи. Уоми кæддæр бæрæг кодтонцæ «Харбузи бон» дæр. Уæрæсемæ ба кæрдæгхуз гъолон-молон «къубулойнæ» æрбафтудæй XVII æноси, æма зундгонд иссæй, куд æнахур дессаги адгин æма æнæнездзийнадæн пайдахæссæг културæ.

Æцæгæйдæр, организмæн пайда ке хæссуй, уобæл дзоруй харбузи химион исконд. Æ сурх фæлмæни берæ ес витаминтæ С æма РР, уæдта В къуари витаминтæ, каратотин æма фолийи тауæгадæ.

Гъуддаг уотæ 'й, æма харбуз хуæрун агъаз кæнуй организм уæлдай уæзæй фæййервæзунæн. Æ æвæрццæг рахуæцæнтæ ба 'нцæ цалдæр. Фиццагидæр, ами ес донихупп тæрæн менеуæг. Æ фæрци адæймаги уæзæ еу-дууæ килограммей бæрцæ фæмминкъийдæр уй, организмæй уæлдай тæнгъæдтæ ке рацæуй, уой туххæй.

Дуккагæй, харбуз æнцонæй фесафуй стонги æнкъарæнтæ. Æ пайда ба уой медæгæ 'й, æма харбузи фæлмæни 100 граммий æдеугур ес 35 килокалорий – харбуз байдзаг кæнуй ахсæн æма адæймаг феронх уй е 'стонг. Уомæй уæлдай, минкъий ахедундзийнадæ нæййес аци халсарон гагарæзи адгин адæн дæр. Физиологион æртасæнтæ куд равдистонцæ, уотемæй адгиндзийнадæ хъæбæрдæр æвзурун кæнуй æфсеци æнкъарæнтæ. Уомæ гæсгæ харбузи фæрци ахсæн фæккосуй рæуæгдæр уагæвæрди, адæймаг хуæруйнагбæл минкъийдæр фæгъгъуди кæнуй.

Куд загътан, уотемæй харбуз минкъий пайда нæ хæссуй организмæн. Е агъаз кæнуй зæрди тогдадзинтти æма ургти незти азарæй ци рæсудтитæ фæззиннуй бауæрбæл, уони дзæбæх кæнгæй дæр. Харбузи дон æй фруктозæ æвзурунгæнæг. Е сæкæрæй игъаугидæр тагъддæр батайуй организми.

Харбуз ма пайда æй уомæй дæр, æма клетчатки хæццæ е æлхъевун райдайуй ставд хæлори æма ратæруй холестерини уæлдæйттæ. Диетологти гъудимæ гæсгæ, суткæмæ харбузи фæлмæн хуæрæн ес 2,5 килограмми, фал уой кæнун гъæуй æмхузон – минкъий хæйттæй. Уæлдай хъæбæрдæр аци домæн æнхæст кæнун гъæуй, сæ ургти дортæ кæмæн ес, еци адæмæн. Уомæн æма иннетæй игъаугидæр уонæн харбуз фулдæр пайда хæссуй.

Уæхæн сæйгити организми дони хуппи цæнхити æмвæзадæ харбузи бауæргъæдти æндæвдади фæрци уæлæмæ исхезуй, æма тайун райдайунцæ тæккæ устурдæр дортæ дæр. Харбузи дон æрдзон æгъдауæй зианхæссæг бауæргъæдтæ æндæмæ ратæруй игæрæй. Уомæ гæсгæ харбузи аци æгæрон пайдабæл æнæмæнгæ гъуди кæнун гъæуй, игæри хроникон незтæ дзæбæх кæнгæй, уæдта хуайраг адæймагæн ку нæ батайуй, еци рæстæги дæр. Аци адгин халсар хуæрун дохтиртæ фæййиамонунцæ антибиотикон медицинон хуастæй дзæбæх кæнуни кусти фæсте дæр.

Раст ку зæгъæн, уæд харбузи фæлмæни буни ци хъæбæр цъарæ фæууй, мах алкæддæр гæлдзгæ ке фæккæнæн, уой дон никки хъазардæр æй сурх фæлмæни донæй, дони хупп тæрæн менеугутæ имæ фулдæр ке ес, уой туххæй. Фæткъуй дони хæццæ исхæлæмулæ кæнгæй си ци ниуазуйнаг рауайуй, е берæ хæлардæр æма иуонгрæуæггæнæг дæр æй. Еудзурдæй, харбузи цъари ци бауæргъæдтæ ес, етæ дæр минкъийдæр пайда нæ 'нцæ организмæн, махмæ ба уотæ фæккæсуй, цума етæ нецæмæн гъæунцæ. Фал уæхæн ниуазуйнаг агувзи æмбесæй фулдæр еу хаттæн ниуазæн нæййес. Уомæн æма тæссаг æй дони хупп тæрæн менеуæг æгæр хъаурæгин ку фæууа, уомæй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, адгин харбуз практикон æгъдауæй пайда æй еугуремæн дæр. Фал æ берæ некæмæн бæззуй, уæлдайдæр ба сæкæри диабетæй сæйгитæн, сæ игæрти дортæ кæмæн ес, уæхæн адæмæн, дæлахсæнон незтæ кæмæ ес æма æндæртæн. Уомæй уæлдай зæрдæбæл дарун гъæуй, харбуз цæхгунти хæццæ ке нæ бæззуй, уой дæр. Уомæн æма цæнхæ тæнгъæдæ ниуурамуй организми, æма гæнæн ес, æ фæсте рæсудтитæ ку расайа, уомæн.

Кæронбæттæни ба мæ зæгъун фæндуй: кæд гæнæн уа, уæд ци харбуз æлхæнетæ, уой исбæрæг кæнетæ, нитраттæ си ес æви нæ. Етæ организммæ ку бахаунцæ, уæд зæрдæ фæхххæссуй, губун фæддон уй, сауæнгæ ма уомун дæр фæццæуй. Кæд халсарти кæдзосдзийнадæ исбæрæг кæнун къохи нæ бафтуйа, уæддæр æй уæ бон æй балхæнун, æцæг уой уæ зæрдæбæл даретæ – харбузæн æ пайда æй æ хурфи фæлмæн, зианхæссæг нитраттæ ба бамбурд унцæ цъари.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ, дохтир.***




## ЗОНУЙНАГ



# СОЦИАЛОН ФОНДÆЙ ФÆДДОНТÆ

Аци анз Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ бафиста рæстæгмæ нæкосунгъондзийнади фæдбæл 45512 пособий (сæ еумæйаг бæрцæ – 384,4 миллион соми).

Амунд пособитæй 24550 пособий арæзт æрцудæнцæ проактивон уагæй (гъома, адæймагбæл пособи райсуни фæдбæл курдиадæ 'рветуни ихæс æвæрд нæ адтæй). Сæйги сифæ æрбафтудæй æви нæ, уой фæууинæн ес Паддзахадон лæггæдти портали «хе кабинет»-и.

Рæстæгмæ нæкосунгъондзийнади фæдбæл пособи исæвæрунцæ сæйги электрон сифи бундорбæл. Сæйги сифæ медицинон косæндонæй кустдæттæгмæ комкоммæ уагæй бафтуйуй. Фæстæдæр кустдæттæ пособий бæрцæ банимайунæн гъæугæ бæрæггæнæнтæ сæйги сифæ исæхгæнунæй æртæ боней æмгъудмæ барветунцæ Уæрæсей Социалон фондмæ. Адæмæн æхца бафедунцæ гъæугæ бæрæггæнæнтæ райсуни бонæй тæккæ фулдæр 10 косгæ боней æмгъудмæ.

Уæ зæрдæбæл уин лæууæн кæнæн: рæстæгмæ нæкосунгъондзийнади фæдбæл пособий бæрцæ аразгæ 'й фæллойнадон стажæй æма кусти раздæри дууæ анзей дæргъи рæстæмбес мизди бæрцæй. Фæллойнадон стаж тæккæ минкъийдæр 8 анзей дæргъи ку уа, уæд сæйги пособий бæрцæ 'й косæги рæстæмбес мизди бæрци 100 проценти, стаж 5 анземæй 8 анзей уæнгæ ку уа, уæд – 80 проценти, 5 анземæй минкъийдæр стажи хæццæ ба – 60 проценти. Аци анзæй фæстæмæ бони дæргъи кæройнаг мизди бæрцæ æй бонмæ 2736 соми.

Фиццаг æртæ боней дæргъи кустдæттæг сæйгæн æмбæлгæ пособи федуй хе фæрæзнитæй, фæстæдæр ба – Уæрæсей Социалон фонди регионалон хайади фæрæзнити харзæй. Косæг адæймаг кæд сæйгæ бийнойнагмæ зелуй, карантини æй, протез ин аразуйæ, кенæ æхе кæронбæттæн уагæй санаторий дзæбæх кæнуй, уæд пособи фиццаг бонæй фæстæмæ федунцæ бæсти Социалон фонди хайади фæрæзнити харзæй.

Сæйги сифтæн æхца бафедунæн гъæугæ бæрæггæнæнтæ Уæрæсей Социалон фонди хайадæ байагоруй хуæдбарæй.

Уæрæсей Социалон фонди регионалон контакт-центр: 8-800-200-07-81.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1858.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 25.08.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 25.08.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**